Ассаламу г1алайкум, казбекалъул жамаг1ат!

ВЕСТНИК
# Чапар
КАЗБЕК РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1933 СОНАЛЪУЛ 15 АПРЕЛАЛДА

12+ № 4 (93192) / 22 январь 2018 с. / итни 4 Джумадуль-аввал 1439 с./ багьа 8 гъур. redakciya-chapar@mail.ru

## РИЩИЯЛ - 2018

## РОССИЯЛЪУЛ ПРЕЗИДЕНТ ВИЩИЗЕ ХУТ1АНА 55 КЪО!




## РАСПОРЯЖЕНИЕ №04

*«15» января 2018 г.* *с. Дылым*

### *О создании рабочей группы*

В целях оказания содействия избирательным комиссиям в организации подготовки и проведения выборов Президента Российской Федерации в 2018 году и в соответствии с федеральными законами «Об основных гарантиях избирательных прав и права на участие в референдуме граждан Российской Федерации», «О выборах Президента Российской Федерации», постановлением Правительства Российской Федерации от 8 ноября 2017 г. № 1337 «О мерах по оказанию содействия избирательным комиссиям в реализации их полномочий при подготовке и проведении выборов Президента Российской Федерации»:

1. Образовать рабочую группу по оказанию содействия избирательным комиссиям в организации подготовки и проведения выборов Президента Российской Федерации в 2018 году (далее - рабочая группа) и утвердить ее состав согласно приложению.

МБУ **«Единый информационный центр»** обеспечить опубликование в печатных и электронных средствах массовой информации, решений и иных актов избирательных комиссий, итогов голосования и результатов выборов.

ОАО **«ДЭП №15»** обеспечить надлежащее состояние автомобильных дорог в целях бесперебойного транспортного сообщения с избирательными комиссиями всех уровней.

Рекомендовать:

- ОМВД РФ по Казбековскому району обеспечить: охрану общественного порядка и общественную безопасность в период подготовки и проведения выборов, в том числе на безвозмездной основе охрану помещений избирательных комиссий, помещений для голосования, сопровождение и охрану транспортных средств, перевозящих избирательные документы;

- незамедлительное снятие с регистрационного учета по прежнему месту жительства граждан, зарегистрированных по новому месту жительства, а также на период оформления паспорта гражданина Российской Федерации выдачу временных удостоверений личности гражданам, обратившимся за получением государственной услуги по выдаче, замене паспорта, в том числе в многофункциональные центры предоставления государственных и муниципальных услуг;

Дылымскому производственному участку северных электрических сетей

в период подготовки и проведения выборов принять необходимые меры по обеспечению устойчивой работы энерго- и телекоммуникационных систем в районе.

органам местного самоуправления:

- в порядке и сроки, предусмотренные законодательством, обеспечить

представление сведений для составления и уточнения списков избирателей;

- обеспечивать публикацию информации, связанной с образованием избирательных участков и формированием избирательных комиссий, а также предоставляемой избирательными комиссиями информации о ходе подготовки и проведения выборов, сроках и порядке совершения избирательных действий, кандидатах и политических партиях;

- по обращению соответствующей избирательной комиссии оборудовать на территории каждого избирательного участка специальные места для размещения предвыборных агитационных материалов;

- предоставлять избирательным комиссиям на безвозмездной основе необходимые помещения, включая помещение для голосования и помещение для хранения избирательной документации, транспортные средства, средства связи и техническое оборудование; а также оказывать при необходимости иное содействие, направленное на обеспечение выполнения избирательными комиссиями полномочий, установленных законодательством Российской Федерации;

- оказывать содействие Избирательной комиссии Республики Дагестан и нижестоящим избирательным комиссиям в обеспечении участковых избирательных комиссий не позднее чем за 20 дней до дня голосования компьютерным оборудованием, необходимым для приема заявлений о включении избирателей в список избирателей по месту нахождения, а также для применения технологии изготовления протоколов участковых избирательных комиссий об итогах голосования с машиночитаемым кодом;

- при проведении голосования, в том числе досрочного, в труднодоступных и отдаленных местностях, а также вне помещений для голосования, предоставлять соответствующим избирательным комиссиям достаточное количество транспортных средств повышенной проходимости с числом посадочных мест, необходимых для обеспечения равной возможности прибытия к месту голосования не менее чем двум членам избирательных комиссий с правом совещательного голоса, а также наблюдателям, выезжающим совместно с членами участковой избирательной комиссии с правом решающего голоса для проведения голосования;

- предусмотреть совместно с избирательными комиссиями наличие резервных пунктов для голосования в целях организации непрерывности процесса проведения выборов в случаях невозможности работы избирательных комиссий в имеющихся помещениях, а также рассмотреть вопрос о реализации мер по оборудованию всех помещений для голосования в день голосования стационарными металлодетекторами и техническими средствами объективного контроля;

- обеспечить оборудование избирательных участков специальными приспособлениями, позволяющими инвалидам и лицам с ограниченными возможностями в полном объеме реализовать их избирательные права;

- обеспечить необходимые нормативные технологические условия для бесперебойного функционирования Государственной автоматизированной системы Российской Федерации «Выборы».

Контроль за исполнением настоящего распоряжения оставляю за собой.

*Глава МР «Казбековский район» Г.Г.МУСАЕВ.*

*Приложение*
*к распоряжению администрации*
*МР «Казбековский район» от «15» января 2018г. №04*

## СОСТАВ

***рабочей группы по оказанию содействия избирательным комиссиям в организации подготовки и проведения выборов Президента Российской Федерации 18 марта 2018 года в МР «Казбековский район»***

**Мусаев Г.Г.** – глава МР «Казбековский район», (руководитель рабочей группы);

**Гирисханов Г.М.** – председатель Собрания депутатов МР «Казбековский район»;

**Шабазов И.И.** – заместитель главы администрации МР «Казбековский район»;

**Салимханов И.Б.** – заместитель главы администрации МР «Казбековский район» по ОБ;

**Эмеев З.Н.** – заместитель главы администрации МР «Казбековский район»;

**Базаев А.П.** – руководитель аппарата администрации МР «Казбековский район» (секретарь рабочей группы);

**Чупалаев М.А.** – директор МБУ **«ЕИЦ»**;

**Магомаев М.И.** – начальник УО администрации МР «Казбековский район»;

**Абдулбасиров М.Н.** – старший мастер Дылымского участка СЭС (по согласованию);

**Алханов М.Б.** – начальник ФМС ОМВД РФ по Казбековскому району (по согласованию);

**Темирбулатов М.М.** – директор ОАО **«ДЭП-15»** (по согласованию);

**Латипов М.З.** – главврач ГБУ **«Казбековская ЦРБ»** (по согласованию);

**Темиркаев Х.С.**– председатель ТИК (по согласованию);

**Халидов А.Г.** – нач. ОМВД РФ по Казбековскому району (по согласованию);

**Адимирзаев Г.А.** – председатель Общественной палаты района (по согласованию);

**Булатханов И.А.** – начальник отдела по ФК, спорту, туризму и делам молодежи администрации МР «Казбековский район»;

**Ибрагимов А.К.** – начальник отдела культуры администрации МР «Казбековский район»;

**Главы поселений муниципального района.**

# Администрациялда

16 январалда районалъул администрациялда тІобитІана аппаратали иргадулаб данделъи. Гьенире гІахьаллъана районалъул бетІер ХI.ХI. Мусаев, гьесул заместителал: И.И. Шабазов, З.Н.Эмеев, И.Б. Салимханов,отделазе нухмалъулел,аппараталъул хIалтIухъаби.

Данделъиялде ахIун рукIана-росабазул бутIрул, организациябазегун учреждениябазе нухмалъулел ва рищиязул участкабазул комиссиябазул председателал.

Данделъиялъул хал гьабиялде босун букIана 2018 соналъул 18 марталда Россиялъул Президент вищиялъе тIоритIизе ругел рищиязде районалда унеб бугеб хIадурлъиялда хурхараб суал.

Гьеб суалалда тIасан гIатIидаб кIалъай гьабуна рищиязул территориялияб комиссиялъул председатель ХIабибула Сайбулаевич Темиркаевас.



Гьес абуна: «**ТIоритIизе ругел рищиязда хурхун, гIезегIанго хIалтIи гьабуна 2017 соналдаса байбихьун. Рищиязул Федералияб законалда гьарурал хиса- басиялги хIисабалде росун, районалъул администрациягун цадахъ, нижхIалтIана компьютераздалъун ва гьезда хурхарал алатаздалъун рищиязул участкаби хьезариялда тIад.**

**Гьединго, гIезегIанго хIалтIи гьабуна ва гьабулеб буго избирателазул списокал цойиде ккезариялда, рищиязул комиссиябазда гьоркьоре унезе семинарал тIоритIиялда тIад.**

**Нижер бухьен буго рищиял гIуцIиялда тIоритIиялъе квербакъизе кколел киналниги идарабазулгунги. КIочене бегьуларо, Россиялъул Президент вищи кколеб букIин цIакъго кIвар бугеб ишлъун, гьеб т1адег1анаб даражаялда тIобитIи, тIоцебесеб иргаялда, бараб букIуна бакIазе нухмалъулезда**»,-ян.

Данделъиялъул хIасилгьабиялъул кIалъаялда ХI.ХI. Мусаевас абуна:«Россиялъул Президент вищиялъул кIваралъул бицине дун лъугьинаро,гьеб нужеда дидасаги лъикI лъалеб батула. Нужеда цIакъ лъикI лъала къватIисел,хасго церетIурал,улкабазул нилъедехун бугеб бербалагьи. Рищиязда букIине бугеб ахIвал-хIалалда хадуб хал ккезе рачIине руго гьел улкабазул гIемерал вакилзаби.

Нилъедасан ккараб гьитIинаб букIаниги гъалатI «гIочIодаги чIван», гьез хIаракат бахъизе буго дагьабги цIикIкIараб чороклъи нилъеде тIаде тIезе. Гьелъ, дица нуж ах1ула рищиял гIуцIиялда тIоритIиялда тIад, кIвахIтун, хIалтIизе. Гьел тIоритIиялъе бищунго жавабчилъи цIикIкIараллъун ккола росабазул бутIрулгун рищиязул комиссияби»,-ян.

*М.-Ш. ГIАБДУЛАШИМОВ.*

# *Тарих лъазе ккола*



ХIурматиял районцоял! Жакъа нилъеда лъала Шазалияб ва Накъшубандияб тарикъаталъул устар ЧIикIаса СагIид-Афанди (къ.с.) лъаларев чи Дагъистаналдаго ватизе захIматаб иш букIин. Гьединго, лъала исламияб диналъул тушбабазул квердасан гьев мубарак нилъее камуравлъи.

СагIид-Афандил (къ.с.) гIелмуялъул гъварилъиялъул ва хиралъиялъул бицине яги гьелъие къимат кьезе нилъеда кIоларо, амма дие бокьун буго, дол цере арал, цIигьабун гIуцIиялъул захIматал соназ Дагъистаналъул халкъалъе ва тIолабго улкаялъе гьесдасан ккараб кIудияб пайдаялъул, къокъ гьабун, бицине.

Гьанир рехсарал хIужабаздехун цIалдолезул кинаб бугониги шаклъи ккечIого букIине, дов телевизоралдасан кIалъазе вахъунев журналист Карауловасго гIадин, дицаги абулеб буго: «**Гьаниб хъвараб щибаб рагIул дица жаваб кьола**»,-ян.

МухIканаб жо буго,кинавниги гIакълугун лъаялда вугев, камилав инсанас, нагагь жинца жаниб яшав гьабун бугеб рукъ биххизе ккани, цIияб базе, тIубараб хIадурлъи гьабулеблъи, амма гьедин гьабичIо цIигьабун гIуцIи ургъарал, нилъер улкаялъул рукIарал нухмалъулез. Кинаб букIун батаниги, захIматго гIуцIараб ва мухIканго хIалтIулеб букIараб хIукуматги биххун, цIиябги гIуцIичIого, лъарас лъараб гьабеян биччан тана халкъ. Гьелъул хIасилалда, ритIухълъиялда куцарал,мухъилал хIалтIухъабазе ва пенсиялде арал чIахIиял чагIазе яшав гьабизе цIакъго захIмат букIана. Гьелъие кьучIал хIужабилъун кколел мисалал гIемер руго, амма гьездасан цояб, жакъа гьаниб рехсезе мустахIикъаб букIиналъ, хъвачIого гIолеб гьечIо.

Цо пуланав чиясул живго бетIергьанаб тукада, дирго хIалтIул ишалда хурхараб, кIалъай гьабулев вукIаго, жание ячIана цо гьитIинай яс, ва, щибго жоги абичIого, нечадго, нахъе ана. ГIемераб заман инелде гьей цоги нухалъ жание яккидал, дида бичIчIана гьелъие, дунги гьечIого, кIалъазе бокьун букIин ва дица гьелъие рес кьуна. Хадусан вихьидал тукадул хIалтIухъанас дида бицана, гьей яс, жийго хьихьарай кIодоэбелалъ, кIалбиччан къоялъ щвараб сапунги бихьиназул щватабиги росун, чадихъ хисеян гьаризе йитIун ячIарай йикIанилан. Гьединал хIужаби гIезегIан рукIунаян тIадеги жубана гьес. РакIалде ккола газета цIалулез жидецаго кьелин гьелъие ва гьеб даражаялде гIадамазул къимат ккезе гьабуразе мустахIикъаб къимат.

Гьеле, гьединаб захIматаб, гIадамазул рукIа-рахъин гIодобе ккараб, инсанасул гIумру учузлъараб, метерисеб къоялда божилъи тIагIараб заманалда, халкъалъе загьирлъана ЧIикIаса шайих, Сайид-Афанди (къ.с.). Жидеего бокьун, къокъаби гьарун, гьесухъе хьвадизе байбихьана росабалъа ва шагьараздаса гIадамаз. Хал гьабураб мехалъ, мухIканго бихьулеб букIана Сайид-Афандигун(къ.с.) дандчIваялдаса хадур гIемерав чи, киналниги квешалщинал ишалги рехун, лъикIаб рахъалде руссунел рукIин. Гьединаллъун кколаан хасго гIолохъаби, ярагъги,наркотикалги,гьекъел-мехтелги тун, гьез кодоре росана устарасул ярагъ чIумал. Лъалаго дагьлъана вахIшиял ишал гьарулазул къадар. Гьедин, Сайид-Афандияс (къ.с.)жиндирго каламалдалъун,анц1-анцI ва нус-нус чи, битIараб нухде рачун, хвасар гьаруна такъсирчилъиялдаса. Гьесул хIалтIудехун гъира бижана журналистазул ва чIахIиял хIакимзабазул. Амма къокъаб заманалда гьезда бичIчIана кIудияс гьабулеб хIалтIи бацIцIадаб,ритIухъаб ва халкъалъе пайдалияб букIин. Гьелъие нугIлъи гьабула нилъер ВатIаналъул президент В.В. Путиница гьабулеб хIалтIи халкъалъе данде кколеблъун, ВатIан цебетIезабулеблъун букIиналъ, Сайид-Афандица(къ.с.) аза-азар чи гIахьаллъараб жиндирго мажлисалда гьесие гьабураб кIудияб дугIа. РакIалде ккола Дагъистаналъул тарихчагIаз жеги гьелъул цIех-рех гьабун,гIолеб гIелалъе баян гьабилин абун.

Сайид-Афанди (къ.с.) вукIинчIо жиндиего рецц-бакъ ва кIодолъи хIажатав чи, амма аби гьечIищха «**Халкъалда лъазе ккола жидерго бахIарзал**»,-ан. Гьединлъидал, дие абизе бокьун буго соналдаса- соналде щулалъулеб ва гIадлуялде бачIунеб бугеб нилъер хIукуматалъ, гьесул гьунаралъе мустахIикъаб къимат кьечIого теларин абун. Гьеб хIакъикъияб тарих лъазе ккола киназдаго,хасго гIолеб гIелалда.

*Т. ХIАЖИЕВ, ИчкIа росу.*

# *Ибрагьим Утарбиевасе -101 сон*



**Араб соналъул декабралда, машгьурав шаг1ир, тарбиячи, зах1маталъул ветеран, Ват1анияб рагъул г1ахьалчи, пачалихъалъул г1емерал шапакъатазул кавалер, Буртунай росулъа Ибрагьим Утарбиев гьавуралдаса т1убана 101 сон.**

**Гьев мунагьал чурад рак1алде щвеялъе, гьесул творчествоялъе кколеб къиматги кьеялъе,нижеца газеталъул жакъасеб номералда бахъулеб буго цересел соназ гьес хъвараб гьаб кеч1.**

***1988 соналъ Ибрагьим Утарбиевасухъе яч1ун йиго Дилим росдал Советалъул председатель Абакарова Зульфия. Гьелъ Ибрагьимида гьарун буго къватIазда тирулел саяхъал гьаби чIваян. Ибрагьимица чIван буго цо гьве. Гьеб лъугьа-бахъин рагIараб милициялъул х1алт1ухъабаз бахъун буго гьесухъа туманкI ва лъабго гIанасеб моцIалъ нахъе кьун гьечIо.***

***Изнуги бугеб туманкI бахъи рекIеда хIунсарав Утарбиевас, милициялъул начальникасухъе хъван буго, кочIол мухъаздалъун, гьадинаб кагъат.***

**Казбек РОВДялъул начальникасухъе рагьараб кагъат:**

Дур хIалтIухъабаца дир охот-туманкI
Туснахъ гьабун буго милициялда
Прокурорасги санкция кьураб,
Судго гьабичIого, гьеб жаниб лъезе.

Гьале, холеб буго лъабабилеб моцI,
Лъалеб гьечIо дида
тункIил ахIвал-хIал.
УнтичIого бугищ дир хIара берцин,
ХIинкъи кьун, мукIурищ гьабулеб
бугеб?

Дица гьеб кьвагьана
къватIул гьвеялде,
КъотIносан хьвадизе лъимал толареб.
Авал-къоноялда ругел гIадамал,
ГIанкIабиги гъурун, пашман гьарулеб.

Дида гьаби чIвайин гьарун букIана
Росдал советалъул председателалъ
БожичIони гьикъе гьелда дуцаго,
Гьереси бицуней гIадан гурин гьей.

Гьеб тункIида гьечIо щибниги гIайиб,
Дида батанани, тамихIалде цIай.
Дица кьвагьараб жо гIарада гуро,
Мунги дур гьалмагъги
хIинкъизе ккани.

Нуж дир туманкIалде регIунищ ругел,
Росабалъ нужее гьечIебищ хIалтIи?
ГIи-боцIи бикъулел, рукъзал хIулулел
РихьунгутIизе нуж бецлъунищ ругел?

Нилъер районалъул магIишатазда
Бугебщинаб налъи лъалебищ дуда?
Дица бакIаризе кколеб жойищ гьеб
Дуца сардилъ лъабцIул вахъинавизе?

Автомашинабаз ролъги боцIиги
Бикъарал чагIазда щай мун гурхIулев?
Гьедин гурхIун тани,
гьел хъурумсахъаз,
Хъарсун, нилъер район
чIемегI гьабила.

Релъеда чан гьабе гьеб тайпаялде,
Лъороб лъун, къайигун
къватIал сверулел,
Спекулянтазе тамихIал гьаре.
Рищватал гьечIони, хIалтIи кьоларел

ХIалихьатал чагIи, рачун, жанир лъе
Росу,тухум-кьибил суризарулел
Васалги ясалги нечезе гьаре,
Алиментал кьезе инкар гьабулел

Умумул судалда цере чIезаре,
Дилим базаралда даим рукIунел
Гени-гIеч бичулел чагIахъ валагье,
Прокурорасда лъачIонаниги,

Дуда лъалаан дун Ибрагьим вукIин,
Гьедин бугониги, тIаса лъугIина
ТуманкI босун витIе босе вачIарав
Дур хIалтIухъабаца хIал-зулму гьабун,

Гьеб хвезабун бугин хабарги буго,
Хвараб туманкI дица босизе гьечIо.
Бокьила къачIазе гьеб гIайиблияс,
Гьедин гьабичIони, гьелъул багьа кье

Дица гьелъухъ кьуна кIинусго гъурущ,
Гьебги гIемер бугин дуца абуни,
Диралда релълъараб, учуз босун, кье,
Гьаб кагъатги дуца дуего цIале,

ГIадамазда лъани, релъизе гурин.
Рагьараб бугилан бихьизабуге,
Бихъизе гурин гьеб хъубаб агьлуялъ.
Херлъараб чодаса гъоркьеги рещтIун,

ЦIияб айгъиралда тIад рекIа Руслан.
Хурир ганщалги тун, сандаса бачал
Хъамизе лъугьунге,ритIухълъи цIуне.

*Рек1ел ах1и*

# Кире щварал ва щиб гъабулел ругел?

Цо заманалда букIана СССР абураб кIудияб ва гучаб пачалихъ. Гьеб биххана. Россия хут1ана жибго жиндаго, жиндирго бугеб бечелъигун. РукIана заводал, фабрикал, магIданал,колхозал, совхозал гIадамазе хIалтIизе бакIал ва гьездехунисеб лъикIаб бербалагьи.

Гьеб бихха-хочиялда гьоркьор раккана жидеда яхI-намус гьечIел гIадамал. Бикъун, бичун,талавур гьабун, лъугIинабулеб буго пачалихъ. ХутIана, рагIа-ракьанде ккарал, гIадатиял гIадамаз жидеего пайда босизе бегьулел магIишатиял бутIаби.

Киданиги ракIалде ккolароан, нилъеца цIулги босулеб, боцIиги жаниб кваназе гьабулеб, х1ажалъани хьоп- гIерги къотIизе рес бугеб, нилъер хутIараб бечелъи- рохьил магIишатги бича-хисилин абун. Гьанже щвана гьелдеги ирга. РачIа ургъизин, росу кIодо гьабизе ккани, тIаде биччазе ракьги гьечIони,гIи-боцIи кваназе бакIалги течIони,хур-хералъул бакIалги талавур гьаруни, халкъалъ щиб гьабизе бугеб абураб суалалда тIад. Нилъеда ккун буго нилъер гIемераб ракь бугин, гьечIо. Жив-живас жиндирго хурулги тIалаб гьабуни, жиде-жидер бецулеб бакIалги ккуни, колхоз- совхозазул рукIарал ракьазул т1алаб СПКяз ва цогидал маг1ишатаз гьабуни, нилъее хIетIе лъезе бакI хутIуларо.

ГьечIищ гьелда тIад ургъизе заман щун?

Цо-цо хIакимзабаздаги законал къабул гьарулел Госдумаялъул депутатаздаги нилъ рукIинги, нилъее ракьалги, рохьалги, хIоралги, гIоралги къваригIунеллъи лъангутIизеги бегьула. Бегьаниги, гьезул иш кидаго квеш букIунаро. Нилъан абуни, хутIула добго хIарщ мерхьуна. Гьеб ккоnаро, кьалдеги рахъун, хIуригат бахъизе рахъаян абураб. Гьелъул магIна ккола нилъерго ракьалги дазу-гIорхъиги нилъецагоги цIунун, халкъалъе хIажаталъе гьел хIалтIизаризе ресал ратизе жигар бахъизе кколилан абураб. Гьединго, хIажат буго, жалго жидедаго гурони рихьуларел,лъилго ургъел гьечIел чиновниказда, дагъалъниги халкъалдехун руссаян ах1изе, нилъ кире щварал ва щиб гьабулел ругелан цIехезе.

***ХI. АДИМИРЗАЕВ, ЖамгIияб палатаялъул председатель***

# Умумузул гIадатазда хурхун,..

Умумузул цересел, лъикIал гIадатал, кIочене тунгутIиялъул цебегоялдаса бицунеб буго. Гьеб кIвар бугеб иш цIи гьабиялда тIад, кIвахIтун, хIалтIулел руго культураялъул хIалтIухъаби.



11 январалда районалъул культураялъул Централда тIобитIараб данделъиялъ балагьарал хIайран гьарулел рукIана. Районалъул культураялъул хIалтIухъабаз гьенир рихьизаруна умумуз ригьин гьабиялъул, хъалим кьеялъул, бахIарай ячине ритIиялъул,бертадул тепси гIуцIиялъул ва гIемерал цогидал гIадатал тIоритIиялъул къагIидаби. Гьезухъ балагьараб мехалъ бихьулаан умумузул тарих, рухIияб бечелъи,гьезул гIакъиллъи, магIишат гьабиялъул рахъалъ рукIарал захIмалъаби. Данделъиялъул хIурматиял гьалбаллъун рукIана- гIемерал соназ культураялъул Централда хIалтIарай ЗабихIат МухIамадова,Гуни росулъа цIулал тIагIелазул устар Багьавдин Дадаев ва гь.ц. Гъасдабакlалъе кIудияб аваданлъи кьолеб букIана культураялъул хIалтIухъаби: К. Тилахъаевас, Т. Зираловалъ, З. УмалхIатовалъ,Б. Адуевалъ ва З. ГIамиевас халкъиял бакъназда ахIарал кучIдуз.

Гьединал тадбирал гьариялъул аслияб мурадлъун букIана умумузул гIадатал,маданият ва фольклор гIадамазда гьоркьоб тIобитIизаби,гIун бачIунеб гIелалда гьеб берцин бихьизаби.

***ХI. КАРИМОВА.***

*Инсан ва г1умру*

# Мисалияв муг1алим



**Юсуп Масарович ГIалисултанов** гьавуна 1975 соналъ Хубар росулъ. Росдал школалда 6 класс лъугIун хадув гьев ана республикаялъул гIемерпрофилазулаб лицеялде ва, 1993 соналъ лъикIал къиматазда гьебги лъугIизабун, лъугьана ДГУялъул математикаялъул факультеталде. 1998 соналъ, цIалун лъугIун хадусан, тIадвуссана гIагараб школалде. 19 сон ана Юсупица росдал лъималазе математикаялъулгун информатикаялъул дарсал кьолелдаса. Юсуп, кIвахIтун, хIалтIула жиндирго ва лъималазул лъай борхизабиялда тIад. Гьес хIалтIизарула цIиял къагIидаби, жинцаго хIадурула лъайкьеялъе хIажалъулел алатал, таблицаби ва гь.ц. РакIбацIцIад хIалтIи гьабулев, гьеб бокьулев, цIалдохъабигун, хIалтIицадахъалгун, умумулгун рагIи данде ккезабун бажарулев Юсупил,гьай-гьай, къимат гьабула школалъул коллективалъ ва жамагIаталъ. Гьесул цIалдохъабаз лъикIал хIасилал рихьизарула ЕГЭ кьеялъулъ, батIи-батIиял къецаздагун олимпиадабазда. Живго Юсупицаги росула мугIалимзабазул къецазда призалъулал бакIал. Гьедин, 2017соналъ гьес бергьенлъи босана районалъул математикаялъул мугIалимзабазда гьоркьоб тIобитIараб творчествоялъулаб конкурсалда ва призалъулаб бакI ккуна республикаялъул даражаялда тIобитIаралда.

Гьединго, гьес бергьенлъи босана информатикаялъул рахъалъ районалда тIобитIараб конкурсалда, гьебго конкурсалъул финалалда республикаялда Юсупица ккуна 3-аб. бакI.

Юсуп ккола районалъул математикаялъул мугIалимзабазул ассоциациялъе нухмалъулевлъунги. Камуларо Юсуп жамгIиял хIалтIабалъаги. Гьесул жигарчилъи, хIалтIуде бугеб бербалагьи бихьун, школалъул коллективалъ Юсуп тIамуна профкомалъул председательлъун ва гьев вихьизавуна **«Дагъистаналъул халкъияб лъайкьеялъул отличник»** абураб тIадегIанаб цIаралъе мустахIикъавлъун.

Гьединго, ракIбацIцIадаб хIалтIи гьабиялъухъ, тIадегIанаб категориялъул мугIалим Ю.ГIалисултанов кIодо гьавуна лъайкьеялъул министерствоялъул, райадминистрациялъул, РУОялъул ва школалъул дирекциялъул ХIурматалъул грамотабаздалъун.

Кумек гьарун вачIарав Юсупица киданиги нахъ чIваларо. КигIан гIемераб хIалтIи цебе бугониги, гьев гIолохъанал мугIалимзабазе хIалаеги вахъуна. Юсупица ва лъади Рашидатица, битIараб тарбия кьун,гIезарулел руго цо васги кIиго ясги.

***МухIамадрасул ИСХIАКЪОВ, Хубар росу.***

# Баркалаялъул кагъат

Дагьал цjudereг1ан къояз Дилим росулъа Султанбеков Раджабихъе ва лъади Залинахъе гьезул вас Сурхайица хъулухъ гьабулеб рагъулаб часталъул командир И.Кузнецовас ва ротаялъул командир Г.Г1абдулагаевас бач1араб кагътида хъвалеб буго:



***Вам пишет командир 9 Пулеметной роты 69 Отдельной Бригады Прикрытия, в котором проходит военную службу Ваш сын - младший сержант Султанбеков Сурхай Раджабович.***

***Прошло 7 месяцев с того момента, как он принял Военную присягу, дав клятву служить Родине честно и достойно. За этот короткий срок Сурхай успешно овладел воинской специальностью, став классным специалистом своего дела, настойчиво и целеустремленно продолжает совершенствовать свое воинское мастерство. Показывает хорошие и отличные результаты в выполнении нормативов боевой подготовки, активно занимается спортом, выполняет нормативы ВСК на высший уровень.***

***Сурхай постоянно проявляет инициативу в выполнении своих служебных обязанностей, имеет 32 поощрений за отличное несение караульной службы. При выполнении хозяйственных работ и работ по благоустройству жизни и быта Ваш сын зарекомендовал себя трудолюбивым и старательным военнослужащим.***

***К командирам, старшим товарищам и сослуживцам проявляет уважение, такт, не теряет личного достоинства и пользуется авторитетом в коллективе роты и батальона.***

***Помимо выполнения прямых обязанностей военнослужащего, Сурхай стал постоянным участником спортивной жизни роты , батальона и части. Командованием и мною лично были не раз по достоинству оценены способности Сурхая Раджабовича.***

***От лица вышестоящего командования и от себя лично выражаю Вам, уважаемые Раджаб Сурхаевич и Залина Зайирхановна, глубокую признательность за хорошее воспитание Вашего сына. Вы вырастили настоящего защитника нашей Родины и можете гордиться им.***

***Выражаю надежду, что Сурхай не изменит своего отношения к службе и достойно прослужит установленный законом срок службы.***

# Баркала нужее, сахлъи ц1унулел!

Дагьал церегIан къояз дир вас ккана районалъул Централияб больницаялъул терапевтическияб отделениялде. Дица г1ажаиблъи гьабуна гьениб бугеб гьитIинабго коллективалъул хIалтIухъабаз унтаразул гьабулеб тIалаб-агъазалда, ва рацIцIалъиялда. ГIадада гуреб абулеб унтарасе бищунго лъикIаб дарулъун тохтурзабаз гьабулеб калам ккolилан. Отделениялда чIезарун руго унтаразе киналниги хIажатал шартIал. Гьеб ккола рехсараб отделениялъе нухмалъулев тохтур М-шарипов МухIамадрасулил бажари. Унтаразе хъулухъ гьабиялъе хIадур рукIуна тохтур Н.М-шарипов, медсестраби, санитаркаби.

Гьезда лъала жидеда тIадал ишал. Отделениялъул тIолабго коллективалъ жавабчилъиялда гьабулеб хIалтIиялъул хIасилалда ва къокъаб заманалда, дир вас сахлъана.

Бокьун буго, **«Чапар»** газета гьоркьоб ккун, ЦРБялъул терапевтическияб отделениялъул коллективалъе загьир гьабизе ракI-ракIалъулаб баркала, баркизе гьезда тIаде щвараб ЦIияб сон, гьаризе гьезие щулияб сахлъи, рохел, талихI ва гьабулеб ишалъулъ битIккей.

***М. ХАСМУХIАМАДОВ, Алмахъ росу.***

*(Байбихьи 35,36,37,38, 39, 40, 41,42,43,44,45,46,47,48,49,50,51,1, 2-3 номеразда)*

# ХIурматиял районцоял!

***«Ватlаналъул солдатал», «Ракlалдещвеял» тlахьазда рехсон руго, 1938 -1945 соназ Багlараб Армиялдеги ун, гьенир Ватlанияб рагъда гlахьаллъаразул цlарал.***

***Газеталъул арал (№49, 50, 51,1 (2-3) номеразда нижеца рахъана Алмахъ росулъа 1938-1945 соназ Баг1араб Армиялде аразул ц1арал, жакъасеб номералда рехсолел руго хут1аразул ц1арал.***

535. Халидов Ханапи -1910
536. Халидов Батал -1911
537. Халинбегов Расул -1911
538. Халинбеков Зайнодин -1920
539. Халинбеков Магомирза -1915
540. Хамагов Басир -1920
541. Хамагов Халипав -1911
542. Хамагов Халит -1904
543. Хамагов Абдулмалик -1920
544. Хамагов Абдулсамад -1920
545. Хамагов Паша -1901
546. Хамидов Забит -1919
547. Хамитов Хабиб -1912
548. Хамидов Расул -1925
549. Ханаматов Паша -1908
550. Ханбутаев Сайхан -1903
551. Ханимов Газыхма - 1917
552. Харсмагомедов Магомед -1925
553. Хасаев Зайнодин -1912
554. Хасаев Хайродин -1902
555. Хасаев Салигаджи -1903
556. Хасаханов Хайрула -1910
557. Хасбулатов Абдулатип -1923
558. Хасбулатов Гаирбек -1920
559. Хасанханов Гаирхан -1906
560. Хазболатов Гаирбек -1920
561. Хасболатов Зайитби -1901
562. Хасбулатов Жангиши -1903
563. Хасбулатов Темирука -1906
564. Хасбулатов Хайрула --1909
565. Хасильбиев Хабиб -1915
566. Хасильбиев Магомедхабиб -1910
567. Хасинов Муса Хасинович -1923
568. Хасимов Муса - 1902
569. Хасинов Сайбола Хасинович -1921
570. Хасинов Билал Хасинович -1908
571. Хатипов Абдулшагид -1910
572. Хатипов Абдулрагим -1910
573. Хатибов Абдуразак -1910
574. Хизриев Гаджи -1907
575. Хизриев Хизри -1903
576. Хизриев Хизри -1906
577. Хизриев Магомедхабиб -1906
578. Цевеханов Магомед -1919
579. Чаландаров Арсанали -1906
580. Чалаев Мансур - 1911
581. Чаландаров Асхаб -1889
582. Чаландаров Исмаил -1906
583. Чегуев Гаджи -1927
584. Чинаев Малик -1920
585. Чечилбиев Исхак -1923
586. Чочоев Газанав -1912
587. Шагилаев Анас -1923
588. Шайхов Ибрагим - 1924
589. Шайхулисламов Яраги -1908
590. Шайхулисланов Магомед -1913
591. Шамердиев Магомед-Расул -1910
592. Шамсудинов Джамалодин -1914
593. Шамсудинов Сайипилав -1909
594. Шамсутдинов Жародин -1912
595. Шамсутдинов Камалодин -1910
596. Шамсутдинов Тажутдин -1911
597. Шапиев Гаджи -1924
598. Ш(а)ейхов Ибрагим -1924
599. Шихмурадов Байбулат -1903
600. Шуайпов Магомед -1921
601. Шейхусланов Яраги -1908
602. Эльдаров Зайид -1921
603. Эльдаров Джамалхан -1908
604. Эльдаров Жаги -1892
605. Эмеев Мухучав - 1919
606. Эмеев Сайгидав -1916
607. Эсенаев Иса -1914
608. Эсенбаев Гайирбек -1917
609. Эсенбаев Патаали -1923
610. Эсенбаев Гаирсултан -1923
611. Эсенмирзаев Насрула -1900
612. Эсенмирзаев Сайбула -1911
613. Этуев Ахмед -1911
614. Этуев Магомед -1906
615. Юнусов Мухтар -1927
616. Юнусов Саху -1905

# Цо-цо рагlабазул магlна

**Абятал** - куплетал
**Алфазал** - раг1аби
**Амама** - цебе
**Амразал** - унтаби
**Анварал** - нурал
**Арвах1ал** - рух1ал
**Асмаал** - ц1арал
**Бат1инияб** - бахчараб

**Бидг1а**- шарг1алде кколареб,диналъухъ ц1и ургъараб х1укму.

**Будалаал**- Дунял ккурал,рихьуларел рижалул гъайбатазул цо къукъа.

**Вали**-Аллагьас рокьиялдалъун т1аса вищарав Гьесул лагъ.

**Васила**т - гьоркьохъан.
**Г1абид** - лагълъи гьабурав
**Г1авамал** - г1аммаб халкъ.
**Г1азимат** - зах1малъи
**Г1акъида** - рек1елч1ей.
**Г1алим** - лъалев
**Г1алифунал** – Аллагь лъалел щайихзаби.
**Г1арус** – бах1арав.
**Гъаплат** – гъапуллъи.
**Г ъараз** – мурад.
**Гьидаят** – сайгъат.
**Далил** - х1ужжа.
**Зикру къалби** - рек1ел зикру.
**Иг1тибар** - х1алгьаби.

**Иг1тикаф** - мажгиталда ниятги гьабун г1ибадаталда ч1ей.

**Иг1тикъад** - рак1ч1ей.
**Ижаза** - изну.
**Илагьияб** - Аллагьасулаб.
**Исму** - ц1ар.

**Их1сан**-кидаго Аллагьасда вихьулеб г1адин г1ибадат гьаби.

**Ихванал** - вацал.
**Ихтилат** - турки.
**Ихлас** -Аллагьасе г1ололъун жо гьаби.
**Ихтисар** - къокъ гьабун.
**Камалат** - Камиллъи.
**Кизбу** - гьереси.
**Къадир** - Х1алк1олев
**Къасидат** - назму.

**Лавх1ул Мах1фуз** - Аллагьас кинабго цебе араб ва нахъа бук1ине бугеб хъвараб бак1.

**Ладунияб** – балъгояб Аллагьасул г1елму.
**Лут1фу** - гурх1ел.
**Маг1ан** - маг1на
**Маг1рифат** - Аллагь лъай.
**Макан** - бак1.
**Макъам** - даража.
**Манакъибал**- лъик1лъаби.
**Манафиг1ал**- пайдаби.
**Машакъат** - зах1малъи.

**Мугьажир**- цо бак1алдаса цогидаб бак1алде гочарав чи.

**Муг1жизатал**- аварагзабазул х1икматал.
**Мудир**-цо бак1алъе нухмалъи гьабулев чи.
**Мужагьидал**-гъазаваталъул г1ахьалчи.
**Мупакъат** - данделъи.
**Муртад** -диналдаса вусарав чи.
**Муршид** – устар.
**Мут1лакъаб**- г1аммаб.

*Спорт - инсанасул сахлъи*

# Эркенаб гугари

10 январалда М.М. Г1азаевасул МДЮСШялда т1орит1ана, 2002-2003 соназ гьарурал г1олилазда гьоркьор, эркенаб гугариялъул къецал. Районалъул администрациялъул кумекалдалъун, спорткомитеталъул ва МДЮСШялъулдирекциялъул жигаралдалъун, районалда т1оцебесеб бак1алъе г1оло, т1орит1арал гьел къецазда г1ахьаллъана 100 г1анасеб къадар гугарухъабазул. Жиде-жидер ц1айиялда, призалъулал бак1азде рач1ана:



**38 кг.** 1.М.-х1. Себиханов (Ленинаул), 2. Г1. Г1алиев (мадраса), 3. 3.А. Х1ажимух1амадов (Ленинаул), 3.Г1. Идрисов (Калининаул).

**41 кг.** 1. Г1. Г1абдулаев 2. Г1.-а. Назаев (Дилим), 3. С.Г1абдулкъадиров (мадраса), 3. И. Дуруев (Ленинаул).

**44кг.** 1. Ш.Качалаев (Дилим), 2. М.-хан. Х1айбулаев (Буртунай), 3. Х.Ильясов, 3. К. Мух1амадов (Ичк1а).

**48кг.** 1.С.-п. Г1абдулаев (Буртунай), 2. К. Сусурбиев (Ленинаул), 3. В.-п. Мух1амадг1азизов (Дилим), 3. И. Умаев(Хубар).

**52кг.** 1. И. Салманов (Дилим), 2. Къ.Манапов, 3. М.Закаев (Ленинаул), 3. А. Сайханов (Калининаул).

**57кг.** 1. М.-шапи. Магьдиханов (Дилим), 2. Д.Аскербиев (Ленинаул), 3. Х1.-мурад Гъазимух1амадов (Дилим), 3. С. Джамалдинов (Ленинаул).

**62кг.** 1.Х1.-мурад Исх1акъов, 2. Г1. Г1абдухаликъов (Ичк1а), 3. 3. Элукаев (Ленинаул), 3. Р. Ах1мадов (Гуни).

**68 кг.** 1. Б. Ибиев (Ленинаул), 2. И. Ибрагьимов (Дилим), 3. М. Садикъов (Гуни).

Къецазда призалъулал бак1ал ккуразе кьуна, районалъул ФКялъулгун спорталъул комитеталъул рахъалдасан, медалал ва грамотаби.

Турниралъул чемпионазе ихтияр щвана, М.М. Г1азаевасул ц1аралда марталда т1орит1изе ругел, Т1олгороссиялъул эркенаб гугариялъул къецазда г1ахьаллъи.

***Н. АЛИУКЪАЕВ.***

# Лъалищ нужеда?



**Каспий** ралъадлъунищ рикIкIинеб, ялъуни хIорлъунищ абураб дагIба буго жегиги гIалимзабазда гьоркьоб. Каспий ралъдал гIатIилъи цIикIкIараб буго Японdigиялдаса. Гьелъул лъел къадар цохIалалда чIун букIунаро. Гьенибе лъим бачIуна, аслияб къагIидаялъ, Волга гIоралъ. Ралъдалъ буго I00 батIияб тайпаялъул ччугIа. Каспий ралъдалъа бахъула дунялалда тIад бахъулелъул I0 бутIаги гьабун 9 бутIа чIегIераб икрадул. Каспий ралъдал буго 70 батIияб цIар. Гьел цIарал кьун руго гьелда асксIор гIумру гьабун ругел халкъаз.

*"Х1акъикъат" газеталдаса босараб.*

*Бетlерав редактор: Мухтар Гlалиевич Чупалаев тел: 55-48-94 Жавабияв секретарь: Мухlамад-Шарип Гlабдулашимов тел: 55-48-95*

*Мухбирзаби: Хlалимат Каримова, Ибрагьим Идрисов, Сапият Султанмухlамадова Фотомухбир: Насрудин Абужанатов*

*Набор: Меседо Хlайбаева Верстка: Марьям Атавхlажиева, Зайнаб Гlабдулмуслимова. Типографиялъул адрес: Хасавюрт шагьар, ООО "Типография№4. ул. Мусаева 42*

*Газета х1адур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда. Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00. Х1акъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00.*

*Учредитель: Администрация МР "Казбековский район" Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368141, Саид-Афандил къват1,2 Индекс: 51354 Заказ №203 Тираж 1271 Багьа - 8 гъур.*

*Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290*

*Макъалабазда рехсарал хlужжабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола*